



## Gouvènman Repiblik Dayiti

### Deklarasyon Gouvènman Repiblik la pou mete kanpe Kad Kòdinasyon Èd Etranje pou Devlopman Peyi DAYiti (CAED,an fransè)

Jounen 26 Novanm 2012 lan, nan Pòtoprens , Reprizantan gouvènman an, Kolektivite Teritoryal yo, Pouvwa lejislatif la ansanm ak Patnè pou Devlopman yo ( patnè teknik ak finansye, sosyete sivil, sektè prive ) chita ansanm sou direksyon Premye Minis Laurent S. LAMOTHE pou mete kanpe nouvo < Kad Kòdinasyon Èd Patnè Etranje yo pou Devlopman peyi Dayiti> kise pi bon Platfòm dyalòg la.

Pou garanti bonjan gouvènans èd patnè etranje yo, reprizantan gouvènman an, Pouvwa lejislatif la, Kolektivite teritoryal yo ansanm ak patnè pou Devlopman yo mete yo dakò sou prensip sa yo

- (1) Se gouvènman ki gen responsabilite epi ki se sèl *chèf kap* mennen politik devlopman yo
- (2) Patnè Teknik ak Finansye yo dwe mache nan lojik objektik estratejik devlopman peyi a
- (3) Ranfòsman kapasite enstitisyon kap jere devlopman peyi a pou ansanm yo ka jwenn bon jan rezilta ..

### Gouvènman Peyi Dayiti

- 1) Pran angajman pou l respekte prensip Deklarasyon **Paris** a sou Efikasite Èd la , Ajenda Aksyon Accra ak Patenarya **Busan** an pou yon koperasyon efikas
- 2) Rekonèt nesosite pou travay ansanm pou yon devlopman ekonomik, sosyal anviwònmantral ki jis pou peyi a ,selon vizyon, oryantasyon estratejik yo, chwa fondanatal yo e gran chantye lespwa Plan Estratejik Devlopman Peyi Dayiti an (PSDH, an fransè)
- 3) Angaje l poul entegre tematik risk ak dezaz nan sistèm planifikasyon nasyonal la.

Deklarasyon Gouvènman Repiblik la pou mete kanpe Kad Kòdinasyon Èd Etranje pou Devlopman Peyi DAYiti (CAED,an fransè), Pòtoprens, Novanm 2012

4) Ranfòse relasyon ant tout pati yo pou mete sou pye zouti kap pèmèt bon jan fonksyonman dirab ak efikas Kad Kòdinasyon Èd Patnè Etranje yo pou Devlopman Peyi Dayiti

5) Toujou raple angajman politik an favè efikasite èd la ke tout patnè peyi Dayiti yo te pran nan New York jou 24 ak 27 Septanm 2012 , pou yon patenarya ant gouvènman an , ONG yo ak soutyen Kad Kòdinasyon Èd Peyi etranje yo pou Devlopman Ayiti.. (CAED, an fransè)

Deside angaje l totalman an favè bon jan fonksyonman Kad Kòdinasyon Èd Patnè Etranje yo pou Devlopman Peyi Dayiti

*1) Nan nivo estratejik :*

- a) CAED se platfòm ranfòsman zouti planifikasyon nasyonal la ki chita sou plan estratejik devlopman an ansanm ak Plan envestisman chak 3 lane yo, se li ki pral fè pwomosyon bò kote Patnè teknik yo e finansye gouvènman an ak lòt pati yo .
- b)Yon Komite Pilotaj ak Arbitraj kreye ofisyèlman nan nivo nasyonal
- c)Yon Komite pou Efikasite Èd la kreye ofisyèlman nan 2 nivo (peyi) ak entènasyonal

*2)Nan nivo operasyonèl*

- a) Plan aksyon ak règleman entèn CAED ap adopte apre konsiltasyon manb CEA yo nan nivo peyi ya nan premye reyinyon an.
- b) Sou baz Plan aksyon yo,nan pwochen reyinyon CEA yap prezante an detay tout bezwen sou ranfòsman enstitisyonèl òganis gouvènman an ki enplike nan jesyon èd an Ayiti.
- c) Fonksyonman efikas Sekretarya Teknik Kòdinasyon (Selil Konsèy, Selil Sistèm Enfòmasyon, Selil Tab Sektoryèl ak Tematik yo ) CAED la se yon priyorite .
- d)Tab Sektoryèl ak Tematik yo se espas privilejye pou yon kolaborasyon efikas epi klè kou dlo pwòp nan chache konsansis ant gouvènman an ak Patnè yo epi wva ak mwayen pou yon devlopman dirab . Nan sans sa, nap rebay


**Deklarasyon Gouvènman Repiblik la pou mete kanpe Kad Kòdinasyon Èd Etranje pou Devlopman Peyi Dayiti (CAED,an fransè), Pòtoprens, Novanm 2012**

plis fòs ak tab ki la deja yo, nap kreye epi ankadre lòt tab ki nesèsè epi ranfòse Inite Etid ak Pwogramasyon yo ( UEP, an fransè)

e)Premye reyinyon Komite Efikasite Èd la (CEA) nan nivo entènasyonal ap fèt madi 29 janvyè 2013 . Ajennda gen ladan l

- Apwouve regleman entèn yo
- Idantifye bezwen yo nan kad ranfòsman kapasite yo ki prevwa nan plan aksyon CAED yo
- Ki kote nou ye nan relans tab sektoryèl ak tematik yo
- Enfòmasyon ki kolekte sou èd etranje a epi jan sistèm ki gen rapò ak sa yo ap mache.
- Diskisyon sou zouti tranzisyon ant imanitè ak Devlopman nan kad jesyon efikas èd la.

Pòtoprens, Repiblik Dayiti, 26 Novanm 2012 , 2 kopi orijinal ,fransè ak kreyòl .



**Laurent S. LAMOTHE**  
Premye minis